दिन–शुक्रवार दिनांक–09.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रेलवे मे नोकरीक बदला जमीन घोटाला मामिला मे दिल्लीक एक अदालत राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ हुनक परिवारक विरूद्ध आरोप तय कऽ देलक। राउज एवेन्यू कोर्ट कहलक जे लालू प्रसाद, हुनक पत्नी राबड़ी देवी, पुत्र तेजस्वी प्रसाद यादव आ तेज प्रताप यादव, पुत्री मीसा भारती आ हेमा यादव समेत एकतालीस आरोपीक विरूद्ध भ्रष्टाचार, धोखाधड़ी आ आपराधिक शाजिशक प्रथम दृष्ट्या मामिला बनैत अछि। अदालत राजद अध्यक्ष आ हुनक परिजनक विरूद्ध भ्रष्टाचार निवारण अधिनियम उन्नैस सय अट्ठासीक धाराक अंतर्गत आनो अपराधक संग ई आरोप तय कयलक अछि। विशेष न्यायाधीश कहलनि जे लालू प्रसाद आ हुनक परिवारक सदस्य आपराधिक साजिश रचलनि। ई सभ गोटे कथित रूपें अचल संपत्ति प्राप्त करबाक लेल रेलवे मे रोजगार के हथियारक रूप मे उपयोग कयलनि। सीबीआईक अनुसार कथित रूप सँ रेलवे मे नोकरी देबाक लेल लालू परिवारक सदस्य आ हुनका सँ जुड़ल एक कंपनी बाजार दर सँ कम पर अधिकांशतः नकद लेनदेनक माध्यम सँ जमीन अधिग्रहण कयलक।

---

राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ हुनक परिजनक विरूद्ध नोकरीक बदला जमीन घोटाला मामिला मे आरोप तय हेबाक एनडीएक घटक दल स्वागत कयलक अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे एक बेर पुनः साबित भऽ गेल अछि जे लालू प्रसाद आ हुनक पूरा परिवार आपराधिक मामिला मे सम्मिलित अछि। ओतहि, जदयू प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक पूरा परिवार शुरू सँ राजनीतिक आड़ मे आपराधिक सिंडिकेट चलबैत रहल अछि। एहि मध्य राजद प्रवक्ता शक्ति सिंह यादव कहलनि जे राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद आ हुनक परिजनक विरूद्ध साजिश रचल गेल अछि। ओ कहलनि जे पार्टी के न्याय प्रणाली पर भरोसा अछि आ लालू प्रसाद एहि मामिला मे बाइज्जत बरी हेताह।

---

सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे एहि वर्ष सूचना आ प्रसारण मंत्रालयक पुनर्गठन कयल जायत, जाहि मे एक नव परिचालन प्रणालीक विकास सेहो सम्मिलित अछि। श्री वैष्णव आइ नव दिल्ली मे क्रिएटर्स कॉर्नरक शुभारंभ समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे प्रसार भारती द्वारा शुरू कयल गेल एहि पहलक उद्देश्य डिजिटल प्लेटफॉर्म पर रचनात्मक समाग्री के प्रदर्शित करब आ एकर बढ़ावा देब अछि। ओ कहलनि जे सरकारक लक्ष्य एक करोड़ युवा के अर्थव्यवस्था सँ जोड़बाक अछि। श्री वैष्णव घोषणा कयलनि जे एहि प्रणालीक माध्यम सँ सूचना आ प्रसारण मंत्रालय, प्रसार भारती आ एहि सँ संबद्ध संगठन के रचनाकारक नव पीढ़ी आ प्रौद्योगिकी सँ जोड़ल जायत। जाहि सँ स्वरोजगारक नव अवसर भेटत।

———————————————————————————

कृषि मंत्री रामकृपाल यादव कहलनि अछि जे सरकार पान उत्पादक किसानक हित लेल प्रतिबद्ध अछि। आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे श्री यादव कहलनि जे जल्दीए पान आयोगक गठन कयल जायत। ओ कहलनि जे राज्य मे उर्वरकक कोनो कमी नहि अछि आ कालाबाजारी करयवलाक विरूद्ध सरकार लगातार कार्रवाई कऽ रहल अछि। कृषि मंत्री रामकृपाल यादवक संग पूरा बातचीत आकाशवाणी पटना सँ प्रसारित साप्ताहिक कार्यक्रम सामयिक चर्चा मे काल्हि राति सात बाजि कऽ बावन मिनट सँ सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

विकसित भारत युवा नेता संवाद दू हजार छब्बीसक दोसर संस्करण आइ नव दिल्ली मे शुरू भेल। कार्यक्रमक औपचारिक उद्घाटन काल्हि राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजीत डोभाल करताह। खेल आ युवा मामिलाक मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मासक बारह तारीख के समापन समारोह मे सम्मिलित हेताह।

———————————————————————————

सर्द पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि सँ न्यूनतम तापमान एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि। हालांकि एकर बाद एक बेर पुनः तापमान मे कमी हेबाक

संभावना बनल अछि। काल्हि प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र मे शीतदिवस हेबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

बिहार सरकार पर्यटन विभागक तत्वावधान मे चौदहम त्रिदिवसीय अहिल्या गौतम महोत्सव आइ सँ शुरू भऽ गेल। दरभंगाक अहिल्या स्थान मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे आइ पहिने अहिल्या पूजाक बाद भव्य कलश शोभा यात्रा निकालल गेल। तकर बाद सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

राज्य सरकार भारतीय प्रशासनिक सेवाक बाईस अधिकारीक स्थानांतरण कयलक अछि। गृह विभाग सँ जारी अधिसूचनाक अनुसार नओ जिला मे नव उपविकास आयुक्त, जखनकि सात नगर निगम मे नव नगर आयुक्तक पदस्थापना कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।